

# LIS POU TOUT ATIK AN KA IJANS

Ou dwe pare pou nenpòt ka ijans. Pare yon lis pou rezèv an ka ijansavèk atik pou ou pran ka kò w, fanmi w ak bèt kay ou pandan twa jou oswa plis. Mete atik ou yo nan valiz oswa sak vwayaj solid ki fasil pou pote. Tou depan sitiyasyon an, otorite yo kapab mande pou ou pran refij souplas (rete andedan) oswa evakye avèk sak atik ou yo. Lis anba a ap ede ou rasanble atik ou yo.

## DLO AK MANJE.

- yon galon dlo pou chak moun, pa jou, plis dlo pou bèt domestik yo.
- bwat manje konsèv vyann, pwason, soup, pwa, legim ak fwi. *Chwazi manje ki fasil pou pare oswa ki pa bezwen kwit.*
- sèl, pwav, sik, epis
- poud lèt, te, poud kafe tou fèt
- ti pase-nan-bouch ki genyen enèji, pistach, tablèt ki genyen pwoteyin, melanj fwi sèch, manba
- manje ki pa gate fasil: biskwit, fwi sèch, kouki, krakè, biskwit sèk, nwa
- manje pou ti moun, pou moun ki gen bezwen espesyal ak pou bèt domestik
- gode an papye, asyèt ak istansil plastik
- ti recho pòtab ak chodyè
- kle pou ouvè mamit alamen
- papye aliminyòm, papye pou vlope an plastik

Altène manje ki nan rezèv ou yo regilyèman. Gen de manje ki ekspire nan sis mwa, tankou poud lèt, fwi sèch ak biskwit. Gen lòt manje ki ekspire nan en an, tankou konsèv soup ak vyann, fwi, legim ak ji, manba, jele, bonbon sèk ak pistach. Manje ki pa janm ekspire (bwat ke fèmen, ki pa nan chalè) genyen la dan yo lwil vejetal, mayi sèch ak ble, farin, pwa, poud kafe tou pare, te ak chokola, sèl, diri, pwodui pou bouyon ak espageti

## ITIK POU IJANS

- lajan kach, chèk vwayaj, lajan monnen
- radyo ki mache ak pil, Radyo Meteyo, NOAA
- flach
- pil
- telefòn selilè
- mas figi
- kat jeyografik zòn ou ak eta ki tou pre ou a
- siflè
- seri kle kay ak machin siplemantè
- ti aparèy pou touye dife
- kle wou oswa pens pou fèmen sèvis itilité yo
- sache fatra plastik ki gen ti liy pou mare

- papye twalèt, ti sèvyèt
- klowòksabaz klò (*pou dezenfekte dlo*)
- alimèt ki nan kontenè enpèmeyab
- savon, detèjan, dezenfektan pou men abaz alkòl
- bwòs dan ak pat dantifris, fil dantè, dezodoran chanpou, atik pou fè raze cheve
- atik twalèt pou fanm, kapòt
- glòs pou lèv, krèm pou solèy
- atik pou tibebe (kouchèt, bibwon, elatriye.)
- atik pou bèt (gravye pou chat poupou, kolye pou touye pis, elatriye.)
- liv, kat pou jwe, jwèt damye

## VÈTMAN AK KOUVRELI

- mete omwen youn pè rad konplè ak soulye pou chak moun
- pantalon long ak chemiz manch long
- soulye ki solid ak bòt travay
- souvètman tèmik, souvètman òdinè
- plizyè pè chosèt

- bonèt ki kenbe cho ak gan travay
- djakèt oswa manto, padsi pou lapli, poncho
- sak pou kouche
- dra lenn, dra tèmik, zòrye
- sèvyèt, ti sèvyèt
- linèt doktè preskri siplemantè, linèt solèy



# ATIK PREMYE SWEN

- manyèl premye swen
- medikaman doktè; medikaman siplemantè ki endis pansab pou chak manm nan kay pou de semèn
- medikaman san preskripsyon: aspirin oswa lòt medikaman pou soulaje doulè, medikaman pou alèji, pou dyare, anti-asid, laksatif, krèm antibyotik, vitamin, remèd zye.
- materyèl medikal doktè preskri, tankou ekipman pou kontwole sik an tansyon
- sizo, pensèt, loup
- zegwi esterilize, lam razwa
- tèmomèt
- pwodui pou chase moustik
- glas
- pansman esterilize (Band-Aids) nan diferan dimansyon, tanpon gazak woulo pansman
- adeziv ipè alèjik
- plizyè pè gan ki jetab
- alkòl izopwopil idwojèn pewoksid, antiseptik, espres antiseptik
- sachè glase ak sachè chofan

# DOKIMAN EMPÒTAN

Mete kopi (pa orijinal) nan yon kontenè enpèmeyab epi ki pòtab oswa eskane yo nan yon CD oswa USB pòt

- nimewo kont bank (kanè chèk ak epay)
- nimewo kont kredi ak non konpayi ak enfòmasyon pou
- kat sekirite sosyal ak dosye
- paspò
- dosye fanmi:batistè, sètifica maryaj, ak desèdeath certificates, jijman divòs
- testaman, testaman avi, enstriksyon davans
- papye mandatè
- dosye medikal
- aktyèl preskripsyon medikal ak linèt
- dosye vaksinasyon pou fanmi, bêt domestik
- papye tout asirans (vi, sante, machin, kay, aza)
- ak, ipotèk, tit, kontra lokasyon
- aksyon ak obligasyon, sekirite, deklarasyon envestisman
- kontra prè labank, lòt kontra
- tit otomobil, kontra lavant, seri oswa nimewo VIN, lisans pou kondi
- dosye travay
- dènye deklarasyon sou revni
- dosye koleksyon bagay ki gen anpi valè, evalyasyon
- rejis nòt lekòl, diplòm
- lokasyon bwat depo sekrè labank ak kle siplemantè, envantè sa ki ladan yo
- maniskri orijinal, disk
- jounal, jounal pèsonèl, lis fanmi
- envantè byen ki nan kay la, (mete fotograf ladan I)
- aktyèl foto manm fanmi, bêt domestik
- foto preferans manm fanmi, bet domestik ak evènman

# PLIS ENFÒMASYON

- [!\[\]\(4e333a6106fc298d0ae6dff272a736ef\_img.jpg\) preparedness.health.maryland.gov](http://preparedness.health.maryland.gov)
- [!\[\]\(97089f8e07e24e31baa67366e358a709\_img.jpg\) facebook.com/MarylandOPR](https://www.facebook.com/MarylandOPR)
- [!\[\]\(9496824b8cff3a19f59b81b37b57d8b6\_img.jpg\) twitter.com/MarylandOPR](https://twitter.com/MarylandOPR)

- [!\[\]\(c6a8736a601a632e2c96605cf66055ed\_img.jpg\) health.maryland.gov](http://health.maryland.gov)
- [!\[\]\(64ef2b19d70b31fbbfce0e0e2aa3d7b4\_img.jpg\) facebook.com/MarylandDHMH](https://www.facebook.com/MarylandDHMH)
- [!\[\]\(9ba1c633ca37327550476fd7d0d00348\_img.jpg\) twitter.com/MDHealthDept](https://twitter.com/MDHealthDept)

